



# Advocates for Children of New York

Protecting every child's right to learn

## Elèv ki nan lòjman tanporè

*Elèv ki nan lòjman tanporè yo gen dwa fè fas ak plizyè defi ki rann li pi difisil pou yo reyisi lekòl. Lè yo pa gen kay, elèv ki nan lòjman tanporè yo bezwen estabilite ki vini ak yon plasman sekirize nan yon bon lekòl. Lalwa McKinney-Vento a se yon lwa federal ki akòde yon seri dwa edikasyonèl enpòtan bay elèv ki nan lòjman tanporè.*

### **Kiyès elèv ki nan lòjman tanporè yo ye ?**

Elèv ki pa gen yon rezidans ki « fikse, estab ak bon kalite » pou yo pase nwit la konsidere kòm elèv ki san kay epi yo gen dwa resevwa pwoteksyon ki akòde nan kad lalwa McKinney-Vento a. Sa a gen ladan elèv k ap viv nan kondisyon sa yo :

- Abri tanporè famiyal oswa abri pou viktim vyolans domestic,
- Lòjman tranzisyon,
- Motèl oswa otèl,
- Machinn,
- Pak, estasyon bis oswa tren, oubyen lòt espas piblik,
- Y ap desann kay yon lòt moun poutèt yo te pèdi kay pa yo oubyen poutèt difikilte ekònomik (pafwa yo rele sa a « double »).

Elèv ki plase nan fanmi akèy yo pa kouvri nan kad lwa McKinney-Vento a, men yo gen dwa ki similè ak elèv ki pa gen kay yo. Pou w jwenn plis enfòmasyon konsènan elèv ki nan fanmi akèy yo, tanpri konsilte [sit wèb AFC](#).

### **ÈSKE W TE KONNEN ?**

**Lalwa McKinney-Vento** a bay elèv k ap viv nan lòjman tanporè yo dwa sa yo :

- Dwa pou yo rete nan menm lekòl la menm si yo demenaje
- Dwa pou yo enskri imedyatman nan yon nouvo lekòl menm si yo pa gen dokiman ki nesèsè nòmalmman
- Dwa pou yo resevwa sèvis transpò pou ale lekòl ak rantre nan lòjman tanporè a
- Dwa pou yo resevwa referans ak aksè pou benefisye de diferan kalite sèvis
- Dwa pou resevwa èd nan men lyezon McKinney-Vento a (yo rele moun sa yo [Manadjè rejyonal pou elèv ki nan lòjman tanporè](#))
- Ak plis toujou !

### **Kiyès ki ka ede elèv ki nan lòjman tanporè ak zafè ki gen rapò ak lekòl ?**

Depatman Edikasyon an gen pèsònèl ki rele [Manadjè rejyonal pou elèv ki nan lòjman tanporè \(STH ann anglè\)](#) ki la pou ede elèv ki nan lòjman tanporè, epi yo ka ede fanmi pa elèv sa yo tou. Anplis sa a, pifò abri tanporè famiyal gen yon Kowodònate Kominote STH de Depatman Edikasyon an oswa yon Asistan Famiyal ki sou plas epi ki la pou ede ak enskripsyon, transpò

ak lòt sèvis. Ou ka jwenn yon lis de Manadjè rejyonal STH yo, Kowodònate Kominotè yo ak Asistan Familyal yo nan [bit.ly/STHStaff](http://bit.ly/STHStaff).

## **Kote elèv ki nan lòjman tanporè yo ka ale lekòl ?**

Elèv ki nan lòjman tanporè yo gen dwa chwazi ale nan youn nan lekòl sa yo :

- Lekòl elèv la t ap asiste a anvan li te pèdi kay li a ;
- Lekòl elèv la te asiste dènyèman an ; oswa
- Lekòl ki endike pou elèv la asiste a selon anplasan rezidans tanporè li a.

Nòmalmman, se nan meyè enterè elèv la pou l rete nan menm lekòl kote l te ye deja si l ta pèdi kay li a oswa si l ta sòti nan yon lòjman tanporè ale nan yon lòt.

Elèv ki nan lòjman tanporè yo gen dwa pou yo **enskri imedyatman** (sètadi, pwosesis enskripsyon an fèt nan yon sèl jou) menm si yo pa gen dokiman ki nesese nòmalmman yo, tankoiu yon dokiman ki pwouve rezidans/adrès yo a, yon sètifika nesans, yon kat vaksinasyon, dosye edikasyon espesyal, elatriye. Se **responsablite lekòl** la, pa paran an, pou mande dosye elèv la (sètifika nesans, prèv vaksinasyon, dosye edikasyon espesyal/plan edikasyon espesyalize (IEP)) nan men ansyen lekòl elèv la.

## **Ki pwoteksyon ak sèvis adisyonèl ki disponib pou elèv ki nan lòjman tanporè ?**

- **Transpò** : Elèv ki nan lòjman tanporè yo gen dwa benefisyè de sèvis transpò nan bis oswa yon kat transpò piblik/MetroCard. Anplis sa a, paran elèv ki nan lòjman tanporè yo men ki pa resevwa sèvis bis la gen dwa resevwa yon MetroCard gratis. Elèv ki nan lòjman tanporè yo elijib pou sèvis sa yo :

→ **Bis**

- **Nan lòjman tanporè** : Yo pral voye bis al chache elèv ki nan ane Kindègadèn pou 6yèm ane y oak elèv ki nan 7yèm ak 8yèm ane ki gen yon IEP (si sèvis bis la pa fè pati IEP elèv la deja). Pou mande sèvis bis la, tanpri kontakte [Kowodònate kominotè, Asistan familyal oswa Manadjè rejyonal la pou STH yo](#).
- **Yon moun ki nan yon sityasyon « double » tanporè** (kote l ap desann lakay yon lòt moun) : Yo pral bay elèv ki nan kindègadèn rive 6yèm ane yo transpò nan bis si gen yon wout ki disponib. Pou mande bis la, tanpri [kreye yon tikè anliy](#).
- Pandan rès ane lekòl la aprè yon elèv antre nan yon lòjman pèmanan : Yo pral bay elèv la sèvis transpò nan bis si gen yon wout ki disponib. Pou mande sèvis transpò nan bis la, tanpri ranpil yon [fòmilè demann anliy](#).
- **Elèv 3-K ak Pre-K yo** : Y ap bay elèv la sèvis transpò nan bis si gen yon wout ki disponib, epi nan pifò ka a, sèlman si timoun nan gen yon gran frè oswa yon gran sè ki lekòl nan menm batiman ak pwogram 3-K a oswa Pre-K a. Pou mande sèvis transpò nan bis la, tanpri [kreye yon tikè anliy](#).
- **Elèv ki gen sèvis transpò nan bis kòm yon pati nan IEP pa yo** : Pou tout elèv ki gen transpò espesyalize nan Pwogram Edikasyon Endividyèl (IEP) pa yo, y ap bay yo

sèvis transpò nan bis, kèlkeswa sityasyon lòjman yo a. Pou w ka chanje adrès ou pou sèvis bis la, tanpri mande [lekòl](#) la pou yo mete adrès pitit ou a ajou nan sistèm nan.

→ **MetroCard yo**

- **MetroCard pou elèv** : Lekòl la pral bay tout elèv ki nan lòjman tanporè yon kat transpò piblik konplè, kit trajè lekòl yo a kout oswa long.
- **MetroCard pou paran yo** : gen kat gratis ki disponib pou paran elèv ki nan lòjman tanporè (ant lekòl matènèl ak 6yèm ane) nan men lekòl pitit yo a pou yo ka akonpanye pitit pa yo lekòl, epi lekòl vakans dete yo ladan tou. Pou w ka jwenn èd, tanpri kontakte [Kowodònate kominote, Asistan famiyal oswa Manadjè rejyonal la pou STH yo](#).
- **Sèvis Tit I yo** : Tout lekòl resevwa [Finansman pou STH nan kad Tit I](#) ki fèt espesifikman pou reponn ak bezwen elèv ki nan lòjman tanporè yo. Lekòl la gen dwa itilize fon sa yo pou sipòte elèv ki nan lòjman tanporè nan plizyè fason diferan. Pa egzanp, lekòl yo gen dwa itilize fon yo pou achte materyèl eskolè, rad lekòl, materyèl asènisman, manje dijans, pou peye sèvis konsèy sikolojik, sèvis titè ak plis toujou ! Pou w ka aprann plis, tanpri pale ak [Lyezou sou plas nan lekòl la pou elèv ki nan lòjman tanporè \(STH ann anglè\)](#) lekòl la konsènan kòman [Fon STH nan kad Tit I yo](#) gen dwa ede sipòte pitit pa w.
- **Sèvis edikasyon espesyal ki fèt nan yon delè rezonab** : Si yon elèv ki nan yon lòjman tanporè ap fè demach pou fè evalyasyon pou resevwa edikasyon espesyal epi li transfere nan yon lòt lekòl anvan pwosesis la fini, nouvo lekòl la dwe fin fè pwosesis sa a nan menm delè a, sòf si paran an aksepte bay akòde l yon pwolongasyon. Sa a vle di ke Komite Edikasyon Espesyal la pa ta dwe « fèmen » dosye edikasyon espesyal timoun nan, epi louvri yon nouvo dosye nan nouvo lekòl la. Si yon elèv ki nan lòjman tanporè gen yon IEP epi li transfere nan yon lòt lekòl nan vil Nouyòk la, nouvo lekòl la dwe founi sèvis ki endike nan IEP a. Si elèv la ap sòti nan yon lòt distri eskolè, lekòl la dwe founi yon nivo sèvis ki « konparab » ak sèvis ki dekri nan IEP a.
- **Enskripsyon ak delè ki rate** : Lekòl yo dwe asire ke yo pa anpeche yon timoun ki pa gen kay pou l enskri nan lekòl la, menm si l ta va rate yon dat limit/yon delè. Pa egzanp, si yon timoun ki nan lòjman tanporè ta rate yon dat limit pou aplike nan yon pwogram 3-K, Pre-K, kindègadèn oswa nenpòt lòt pwogram ki disponib pou timoun ki nan yon kay pèmanan, lekòl la dwe fè tout jefò ki posib pou asire ke dat limit la pa kreye yon baryè ki anpeche timoun nan patisipe nan lekòl la.
- **Aktivite akademik ak aktivite anrichisman yo** : Lekòl yo dwe asire ke elèv ki elijib selon règleman yo pa fè fas ak okenn baryè ki anpeche yo patisipe nan aktivite akademik ak anrichisman yo. Pa egzanp, si gen yon frè pou peye pou pase yon egzamen AP, pou patisipe nan yon klòb nan lekòl la, oswa pou peye pou yon inifòm oswa ekipman espòtif, lekòl la dwe anile frè sa a pou elèv ki nan lòjman tanporè a.
- **Lekòl matènèl ak sèvis gadri pou timoun** : Timoun ki nan lòjman tanporè yo dwe resevwa priyorite pou enskri nan Pre-K, 3-K, Head Start, ak pwogram pou tibebe ak timoun piti yo. Pou jwenn plis enfòmasyon konsènan pwogram lekòl matènèl sa yo, tanpri rele 718-935-2009 oswa voye yon imèl bay [ESEnrollment@schools.nyc.gov](mailto:ESEnrollment@schools.nyc.gov) ak [CCApplication@schools.nyc.gov](mailto:CCApplication@schools.nyc.gov). Anplis sa a, fanmi ki nan lòjman tanporè epi ki elijib selon barèm revni famiyal pa yo gen dwa resevwa kupon pou pèmèt yo aksede ak sèvis gadri

timoun gratis. Pou jwenn plis enfòmasyon konsènan kupon pou sèvis gadri timoun, tanpri rele Sant Apèl Swen ak Edikasyon pou Timoun Piti a nan 212-835-7610 oswa voye yon imèl bay [temporaryhousingRA@acs.nyc.gov](mailto:temporaryhousingRA@acs.nyc.gov).

- **Transfè nan yon lòtabri tanporè pou rezon lekòl :** Si Depatman Sèvis pou Moun San Kay la plase yon fanmi nan yonabri tanporè ki lwen lekòl timoun nan, paran an gen dwa mande yo transfere yo nan yon lòtabri tanporè ki pi prè lekòl timoun nan. Depatman Sèvis pou Moun San Kay la pral transfere fanmi an si gen yon inite apwopriye ki disponib. Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri pale ansanm ak responsab dosye w nanabri tanporè a, ak [Manadjè rejyonal STH la](#) oswa voye yon imèl ban nou nan [ProjectLIT@afcnyc.org](mailto:ProjectLIT@afcnyc.org).

## ***Kòman lekòl yo fè konnen lè yon elèv nan yon sityasyon lòjman tanporè ?***

Lekòl yo dwe mande paran yo pou dekri sityasyon lòjman yo a nenpòt lè yo chanje adrès yon timoun oswa enskri nan yon nouvo lekòl. Nòmalmant, pou fè sa a, yo bay paran an yon [Kesyonè lòjman](#) pou l ranpli. Menm si yo pa mande nou, nou ankouraje paran yo anpil pou nou pale ansanm ak pèsònèl lekòl la si nou panse pitit nou an gen dwa kalifye antanke yon elèv ki nan yon sityasyon lòjman tanporè epi pou konnen kòman pou nou resevwa sèvis adisyonèl.

## ***Kisa pou m fè si lekòl la jije ke nou pa nan yon sityasyon lòjman tanporè ?***

Si yon lekòl gen kesyon konsènan elijibilite yon elèv nan kad lwa McKinney-Vento a, lekòl la dwe pale ansanm ak Manadjè Rejyonal pou Elèv ki nan Lòjman Tanporè yo. Si gen yon dispit ant Depatman Edikasyon an ak paran an konsènan si elèv la pwoteje antanke yon elèv san kay nan kad lwa McKinney-Vento a (oswa si gen yon dispit konsènan enskripsyon an oswa sèvis transpò yo pou yon elèv ki nan yon lòjman tanporè), Depatman Edikasyon an dwe swiv pwosedi rezolisyon dispit yo. Lekòl la dwe bay paran an yon avi ekri ki esplike desizyon an, epi paran an (oswa elèv la si l p ap viv ansanm ak paran/gadyen an) gen 30 jou pou fè yon apèl sou desizyon an. Elèv la gen dwa ale nan lekòl kote l ta renmen asiste a jiskaske yo fin rezoud dispit la. Pou w jwenn plis enfòmasyon, tanpri konsilte [paj sa a](#).

Pou plis enfòmasyon oswa pou jwenn èd pou yon elèv ki nan yon sityasyon lòjman tanporè, tanpri kontakte Advocates for Children's Project LIT – Elèv ki nan Lòjman Tanporè (LIT ann anglè) – nan **(212) 822-9546** oswa voye yon imèl bay [ProjectLIT@afcnyc.org](mailto:ProjectLIT@afcnyc.org).

**Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou [sit wèb](#) nou an tou.**

**Ha Èske w gen kesyon oswa w bezwen plis èd ?**

**Tanpri rele Liy Asistans Edikasyon Jill Chaifetz AFC a :**

(866) 427-6033 (san frè) • Lendi pou jedi • 10zè nan maten pou 4è nan apremidi

[www.advocatesforchildren.org](http://www.advocatesforchildren.org)

*Fich enfòmasyon sa a pa dwe konsidere kòm yon konsèy legal. Li fè yon rezime de politik oswa lwa ki deja egziste yo san li pa deklare opinyon Advocates for Children nan. Si w gen yon pwoblèm legal, tanpri kontakte yon avoka oswa yon defansè.*

Copyright © 2023 by Advocates for Children of New York, Inc.